

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3. 1. Méthode Panalungtikan Naskah *Wawacan Jakasundang***

Dina ieu panalungtikan, métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif analisis. Ieu métode nurutkeun Nazir (dina Atisah, 1999: 3) boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun, atawa medar sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat, sarta hubungan antarpénoména anu ditalungtik. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh nya éta galur, tokoh, latar jeung pupuh dina *Wawacan Jakasundang*.

#### **3. 2. Téhnik Panalungtikan Naskah *Wawacan Jakasundang***

Téhnik panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik studi pustaka jeung *wawancara tak berstruktur*. Téhnik studi pustaka digunakeun ku sabab ieu téhnik téh pungsina pikeun meunangkeun data anu sumberna mangrupa dokumén.

Téhnik *wawancara tak berstruktur* téh nurutkeun Sugiyono (2010: 140) nya éta wawancara anu bébas, panalungtik teu ngagunakeun padoman wawancara anu disusun sacara sistematis dina ngumpulkeun datana. Padoman wawancara anu digunakeun ngan mangrupa gurat badag tina masalah anu hayang ditanyakeun.

Téhnik panalungtikan anu digunakeun pikeun ngolah data nya éta téhnik analisis data. Nurutkeun Sugiyono (2010: 147) analisis data mangrupa kagiatan sanggeus data ti sakabéh réspodén atawa sumber data anu séjén kakumpul.

### 3.3. Instrumén Panalungtikan Naskah *Wawacan Jakasundang*

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta padoman wawancara jeung tabél data. Padoman wawancara anu digunakeun mangrupa gurat badag tina masalah anu hayang ditanyakeun. Padoman anu digunakeun nya éta:

- 1) Saha anu ngarang *Wawacan Jakasundang*?
- 2) Saha anu nyalin naskah *Wawacan Jakasundang*?
- 3) Saha anu boga naskah *Wawacan Jakasundang*?
- 4) Asal muasal naskah *Wawacan Jakasundang* téh kumaha?
- 5) Osok dipaké naon ieu naskah téh? jeung
- 6) Kumaha cara neundeuna?

Tabél data anu jadi instrumen dina ieu panalungtikan téh digunakeun pikeun nganalisis faktor-faktor artistik *Wawacan Jakasundang* jeung pupuh-pupuh anu aya dina ieu wawacan. Formatna saperti ieu di handap.

Tabel 3.1

Tabel Analisis Palaku dina *Wawacan Jakasundang*

NO	KATERANGAN		No. Pupuh / Pada ka-	Cutatan Kalimah
	Palaku	Watek		

Tabel 3.2

Tabel Analisis Latar dina *Wawacan Jakasundang*

No	Latar tempat/waktu/suasana	No. Pupuh/Pada ka-	Cutatan Kalimah

Cara ngagunakeun tabel 3.1 jeung 3.2 nya éta milah-milah pupuh atawa cutatan kalimah anu aya hubunganana jeung palaku, atawa latar. Tuluy data anu kapanggih diasupkeun kana tabel. Tina tabel baises ditingali cutatan kalimah anu ngandung faktor-faktor artistik dina *Wawacan Jakasundang*. Pikeun ngadéskripsikeun galur dina *Wawacan Jakasundang*, cara anu digunakeun nya éta ku guluyuran kalimah.

Tabel 3.3  
Tabel Distribusi Pupuh

No	Pupuh & Nomer Pupuh	Jumlah		$\Sigma$		% Frekuensi pupuh
		Pada	Padalisan	Pada	Padalisan	
	$\Sigma$					100%

Cara ngagunakeun tabel distribusi pupuh nya éta ngitung heula jumlah pada jeung padalisan anu aya dina unggal pupuh. Tuluy data anu kapanggih diasupkeun kana tabel. Tina tabel bakal katingali pupuh mana anu pangremenna digunakeun dina *Wawacan Jakasundang*.

Pikeun nangtukeun persentasi frekuensi pupuh anu pangremenna digunakeun dina *Wawacan Jakasundang*, rumus anu digunakeun nya éta:

$$\text{Frekuensi Pupuh} = \frac{\Sigma \text{Pada dina pupuh}}{\Sigma \text{Pada dina wawacan}} \times 100\%$$

Tabel 3.4  
Tabel Guru Wilangan nu Teu Saluyu

No	Nomer Pupuh	Pada Ka-	Padalisan Ka-	Kuduna	Dina Naskah	
					Leuwih	Kurang
$\Sigma$ Teu saluyu						

Cara ngagunakeun tabel 3.4 nya éta pupuh-pupuh dina *Wawacan Jakasundang* dianalisis jumlah guru wilanganana, tuluy dibandingkeun jeung patokan pupuh nurutkeun Budi Rahayu Tamsyah, spk. Ti dinya bakal katingali jumlah guru wilangan dina wawacan téh, kurang atawa leuwih tina patokan. Sanggeus kapanggih hasilna, tuluy datana diasupkeun kana tabel.

Sangkan kapaluruh pupuh mana anu frekuensi teu saluyuna panglobana, perlu dipersentasikeun. Rumus anu digunakeun nya éta:

$$\text{Frekuensi teu saluyu} = \frac{\Sigma \text{teu saluyu}}{\Sigma \text{padalisan dina pupuh}} \times 100\%$$

Tabel 3.5  
Tabel Guru Lagu nu Teu Saluyu

No	Nomer Pupuh	Pada Ka-	Padalisan Ka-	Kuduna	Dina Naskah
$\Sigma$ Teu saluyu					

Cara ngagunakeun tabel 3.5 nya éta pupuh-pupuh dina *Wawacan Jakasundang* dianalisis guru laguna, tuluy dibandingkeun jeung patokan pupuh nurutkeun Drs. Budi Rahayu Tamsyah, spk. dina buku *Pangajaran Sastra Sunda*. Ti dinya bakal katingali jumlah guru lagu anu teu luyu jeung patokan. Sanggeus kapanggih hasilna, tuluy datana diasupkeun kana tabel.

Sangkan kapaluruh pupuh mana anu frekuensi teu saluyuna panglobana, perlu dipersentasikeun. Rumus anu digunakeun nya éta:

$$\text{Frekuensi Teu saluyu} = \frac{\sum \text{teu saluyu}}{\sum \text{padalisan dina pupuh}} \times 100\%$$

#### 3. 4. Sumber Data Panalungtikan Naskah *Wawacan Jakasundang*

Dina ieu panalungtikan sumber data anu digunakeun téh aya dua, nya éta *wawacan Jakasundang* jeung anu boga naskahna nya éta Bapa Yaya. Anu jadi sumber data utama nya éta *wawacan Jakasundang*, ku sabab kabéh data anu ditalungtik téh ayana di jero ieu *wawacan*. Sedengkeun anu jadi sumber data panambah, nya éta anu boga ieu naskah. Disebut sumber data panambah téh duméh data anu beunang, teu dijadikeun bahan panalungtikan.

#### 3. 5. Léngkah-léngkah Panalungtuikan

Dina ngalakukeun ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah anu dilakukeun, nya éta:

##### a. Tahap Tatahar

- 1) Nangtukeun objék jeung judul panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun tiori-tiori anu bisa dijadikeun panungtun panalungtikan;

- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Ngalakukeun ulikan pustaka; jeung
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping.

b. Tahap Ngumpulkeun Data

- 1) Ngalakukeun *wawancara tak berstruktur* ka nu boga naskah.
- 2) Ngalakukeun studi pustaka. Anu jadi objékna nya éta naskah *Wawacan Jakasundang*.

c. Tahap Ngolah Data

- 1) Ngadéskripsikeun *Wawacan Jakasundang*.
- 2) Nganalisis *Wawacan Jakasundang* dumasar faktor-faktor artistik jeung pupuhna.
- 3) Ngalarapkeun hasil panalungtikan *Wawacan Jakasundang* salaku bahan pangajaran maca di SMP.

d. Tahap Nyusun Laporan

Sanggeus data dianalisis, jeung bahan anu diperlukeun pikeun nyusun laporan kakumpul, tahap anu satuluyna nya éta nyusun lapooran dina wangun skripsi.

### 3. 6. Sistematika Nyusun Skripsi

JUDUL

LEMBAR PENGESAHAN

LEMBAR PERNYATAAN

ABSTRAK

PANGJAJAP

DAPTAR EUSI

DAPTAR TABEL

DAPTAR LAMPIRAN

BAB I BUBUKA

BAB II WAWACAN, STRUKTUR, JEUNG PANGAJARAN MACA

DI SMP

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

BAB IV DÉSKRIPSI, ANALISIS STRUKTUR, JEUNG ANALISIS

PUPUH DINA WAWACAN JAKASUNDANG

BAB V PANUTUP

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP

